*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№148 (26361)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 19 август – майрæмы мæйы 19 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 МЕДИЦИНÆ
*Фидæн абонæй аразгæ у...*

3 ИСТОРИЙЫ СЫФТÆ
*Куыд равзæрд кувæндон?..*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

Æмбырд

## Хъомысджын архайд – национ проекттыл



**Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æмæ Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвары æххуысгæнæг Сергей НИКИТИН сарæзтой æмбырд, национ проектты мадзæлттæ регионы куыд æххæстгонд цæуынц, уый фæдыл.**

Сергей Никитин республикæмæ ссыд кусæг балцы Æххæстбарджын минæвар **Юрий Чайкайы** фæдзæхстмæ гæсгæ. Æмбырды байхъуыстой, ацы аз регионалон проектты фæлгæты цы объекттæ аразынц, уыдоныл куыстытæ куыд цæуынц, уый тыххæй дзуапдæтджыты докладтæм, æрныхас кодтой, уæлæмхасæн ма æркæсын цы фарстатæм хъæуы, уыдоныл.

«Национ проекттæ Цæгат Ирыстоны куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ иудадзыг каст цæуы. Республикæйы Сæргълæуууæг **Сергей Меняйло** уыцы фарстатæм сæрмагондæй стыр æргом здахы. Ацы аз 12 национ проекты фæлгæты социалон-экономикон рæстæн дихгонд æрцæуудзæн 9,5 миллиард сомы. Куыстытæ хъазуатонæй цæуынц, социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм 100 объектæй фылдæрыл. Дызæрдыггаг нæу, пъланмæ хаст чи ‘рцыд, уыцы мадзæлттæ бæрзонд хæрзхъæддзинадимæ нысангонд æмгъуыдтæм æххæстгонд кæй æрцæуудзысты», – бахахх кодта Дзанайты Барис. Премьер-министр ма фæбæрæг кодта республикæйы ахсджиаг фарстатæ алыг кæныны хъуыддаджы Æххæстбарджын минæварады иудадзыг æххуыс.

Сергей Никитин куыд загъта, афтæмæй, авд мæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Цæгат Ирыстон æвдисы хъомысджын архайд национ проекттæ æххæст кæныны хъуыддаджы. «Авд мæйы бæрæггæнæнтæ бахынцгæйæ, ирдæй зыны Цæгат Ирыстоны æххæстгæнæг органты национ проекттыл хъазуатон куыст. Æмткæй райсгæйæ, национ проектты цæттæдзинад у 97,2 проценты, кæд æмæ уыцы нымæц нæ бæстæйы, рæстæмбис нымадмæ гæсгæ, 1 июлмæ у 96,6 проценты. Республикæ æнтыстджынæй æххæст кæны нацпроекттæ «Инфраструктурæ цардæн», «Бинонтæ», «Фæсивæд æмæ сабитæ», – бахахх кодта Сергей Никитин. Æххæстбарджын минæвары æххуысгæнæг разыйæ баззад, нацпроектты фæлгæты цы объекттæ аразынц, уыдоны куысты темпытæй. «Æхсызгон мын уыдис, объекттыл куыстытæ куыд цæуынц, уый мæхæдæг кæй федтон. Бæрæг у, аразджытæ иудадзыг кæй архайынц, уымæн æмæ се ‘мгъуыдтæ цыбыр сты. Зæгъæм, 30 скъолайы бындурон цалцæджы тыххæй контракттæ бафыстой декабры, аразтадон фæзтæм рацæуынæн та сын фадат фæзынд æрмæстдæр уалдзæджы, ахуыры аз куы фæци, уæд. Фæлæ аразджытæ дысвæлдæхтæй бавнæлдтой, æмæ куыстытæ цæуынц нысангонд æмгъуыдтæм гæсгæ», – фæбæрæг кодта Сергей Никитин. Уымæй уæлдай ма Цæгат Кавказы федералон зылды Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минævары æххуысгæнæг хорзыл банымадта, æххæстгæнæг оргæнтæ æмæ республикæйы цæрджытæ æргом ныхас кæй кæнынц национ проектты фарстаты фæдыл.

Цæгат Ирыстоны нацпроекттæ царды уадзыны фарстатыл дзуапдæттæг управленийы хицау **Дзарасаты Марат** куыд загъта, афтæмæй ацы азы пъланы ис 111 объекты арæзтад, бындурон рацарæзт æмæ капиталон цалцæг, дихгонд сын æрцыд 6,5 миллиард сомы. Афæдзы кæронмæ хъуамæ сцæттæ уой æмæ æркусой 101 объекты.

Æмбырды кæронбæттæны ма сбæлвырд кодтой æркæсинаг фарстатæ æмæ сæ бабар кодтой дзуапдæтджытæн.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Хицауадæй

## Зынгсирвæзтытæй бахизынæн

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй ацыд æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Архайдтой дзы нæ республикæйы ведомствæтæ æмæ министрадты разамонджытæ, районты сæргълæуджытæ. Ныхас цыд Цæгат Ирыстоны оперативон уавæр, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ ног проекттæ царды рауадзыны фарстатыл.**

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** æмбырды архайджытæн куыд фехъусын кодта, афтæмæй республикæйы æнæнхъæлæджы цаутæ бæрæггонд не ’рцыд. Боныхъæды ахастмæ гæсгæ, хæстæгдæр бонты нæ республикæйы 43 хъæуы тæссаг у зынгсирвæзтытæй. Уый тыххæй Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады цæгатирыстойнаг хайад бахъуаджы сахат æвæстиаты мадзæлттæм цæттæ у. Ивгъуыд азтимæ абаргæйæ, ацы аз зынгсирвæзтыты нымæц 12 проценты фæфылдæр. 11 августæй 17 августмæ нæ республикæйы æнæнхъæлæджы уавæрты службæ ахуыссын кодта 134 зынгсирвæзты. Хъыгдард дзы ничи баййæфта. Уыцы бæллæхтæ канд æрдзы аххосæй не ’рцæуынц, фæлæ бирæ адæм, сæ бырæттыл кæнæ, быдыры æмæ хъæды улæфгæйæ, арт кæй бандзарынц, уый тыххæй.

– Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтыл ацæуыны фадат ис æппæт транспортон хуызтæн дæр. Республикæйы фæндæгтыл лæууынц 630 уæзласæн машинæйы, уыдонæй 220 – сæрмагонд бынæтты. Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыйы арæныл ивгъуыд къуырийы дæргъы ахызтысты 29 мин машинæ æмæ 100 мин адæймаджы, – загъта Томайы-фырт.



Æхсæнадон транспорты куыст нывыл кæй нæу, уый тыххæй республикæйы Цæрæнуатон-коммуналон, артаг æмæ энергетикæйы министрадмæ бахъаст кодтой 17 адæймаджы. Сæ фылдæр разы не сты Дзæуджыхъæуы маршрутон транспорты куыстæй. Уый тыххæй Хицауады аппаратон æмбырды фехъусын кодта министр **Хъараты Тимур**. Уыимæ ма, фехъусын кодта, Æрыдон, Дигора æмæ Мæздæг архайынц æнцонвадат алфамбылайы горæтаг царды хуыздæр проект саразыны Æппæтуæрæсеон конкурсы чысыл горæттæ æмæ историон бынæтты ’хсæн. Проекттæ цæмæй æххæстгонд æрцæуой, уый тыххæй сын финансон æххуыс лæвæрд цæудзæн федералон бюджетæй. Уæлахиздзаутæ сбæрæг уыдзысты Хъазаны 21 августы.

РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан** радзырдта, афæдзы райдианæй нырмæ хостæ лæвæрд кæй æрцыд 145 льготон рецептмæ гæсгæ. Ноджы ма хистæр кары адæмы 59 проценты ацыдысты диспансеризаци.

Куыд зонæм, афтæмæй, дунеон центр «Беслан. Школа №1»-ы цы экспозици арæзт цæуы, уый 30 августмæ уыдзæн цæттæ. Уымæй зæрдæ бавæрдта республикæйы Культурæйы министрад.

Дзанайты Барис бæрнон ведомствæтæн бафæдзæхста зымæджы хъармгæнæн рæстæгмæ цæттæгæнæн куыстытæ кæронмæ ахæццæ кæнын, фидæны куыд ницы къуылымпытæ æрцæуа, афтæ. Ноджы ма ныхас кодта скъолаты цæттæдзинады уавæрыл æмæ сæ ифтонгадыл ног ахуыры азмæ.

Ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Адæмон газет

## «Рæстдзинад» – 2025 азы дыккаг æмбисæн




**Кæд уыдис, æмæ газет, национ уæвгæйæ, йæ тиражæй фæсте баззайа? Махмæ та афтæ рауад. Цæмæн? Кæй аххосæй, кæй фыдæй? Газет «Рæстдзинад»-ы кад дæлæмæ цæмæн уадзæм, алкæмæ дæр нæ цавæрдæр фадæттæ ис, хъуамæ сæ пайда кæнæм, рафыссæм æй. Йæ тираж хъуамæ зынгæ фылдæр уа, æмæ нæ уый комкоммæ алкæй хæс дæр у. Хъуамæ уый æмбарæм!**

**Газет адæмон у, уымæ гæсгæ йæ кад адæмæй кæнгæ у. Адæм та ныртæккæ уæззау уавæрты цæрынц, сæ фылдæр газет рафыссынхъом не сты. Хъуамæ сæ цуры чи балæууа, сæ хæдзæрттæм сын «Рæстдзинад» фæхæццæ кæныны хæс йæхимæ чи райса? Нæ бон цы у, уый хъуамæ æмхуызонæй скæнæм. Бавналæм-ма уæдæ нæ уарзон адæмон газет «Рæстдзинад» рафыссынмæ!**

**Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисы цыппар мæйæн газет рафыссыны аргъ у 1140 сомы æмæ 80 капеччы. Адæмы льготон къордты минæвæрттæн – 927 сомы æмæ 28 капеччы.**

**Газет «Рæстдзинад»-ы индекс – 53901.**

***РЕДАКЦИ***

Оперативон штабæй

## Æхсæнадон фæтк æмæ æдасдзинад

**Уæрæсейы Национ гвардийы цæгатирыстойнаг управленийы йæ разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг, пъæлицæйы булкъон Дмитрий ПОДВЫСОЦКИЙ скодта оперативон штабы æмбырд. Рæгъмæ рахастæуыд ног ахуыры азмæ цæттæ кæныны рæстæг, Беслæны арæзт террористон акты амæттæгты æрымысын æмæ Хъæлæс кæныны иумæйаг бон æхсæнадон фæтк æмæ æдасдзинад бахъахъхъæныны фарстатæ.**




Ныхасы архайдтой: РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег**, пъæлицæйы разамонæджы хæдивæг, булкъон **Агънаты Уырызмæг**, Æнæнхъæлæджы цауты министрады цæгатирыстойнаг управленийы хицауы хæдивæг **Николай Иванов**, РЦИ-Аланийы Æвзарæн къамисы разамонæджы хæдивæг **Хъуыдакаты Сослæнбег**, Уæрæсейы Национ гвардийы дзæуджыхъæуккаг иугонды штабы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг, булкъон **Андрей Иванов**, ахуырады ведомствæйы минæвæрттæ æмæ оперативон штабы уæнгтæ.

Структурон дæлхайæдты разамонджытæ радзырдтой, регионы фæзуатыл æдасдзинад бахъахъхъæнынмæ ведомствæтæ куыд цæттæ сты, уый тыххæй. Афицерты ныхасмæ гæсгæ, æрмæст ахуырадон кусæндæтты æдасдзинад не сбæрæг кодтой, фæлæ ма цæрджытимæ дæр бакуыстой. Радзырдтой сын фыдракæндтæ ма ‘руадзыны тыххæй.

Томайты Ирбег Ахуырад æмæ наукæйы министрады минæвæрттты размæ сæвæрдта, ныртæккæ цы закъон кусы, уый домæнтæм къæрцхъус уæвын, Национ гвардийы амынддзинæдтæ æххæст кæнын. Æппæт уыдæттæ оперативон штабы æмбырды райхъуыстысты. Штабы æмбырды кæрон пъæлицæйы булкъон Дмитрий Подвысоцкий скодта хатдзæгтæ, сбæлвырд кодта æппæт ведомствæты къахдзæфтæ. Се ‘хсæн разыдзинад куыд уа, уыдæттæ сын бафæдзæхста.

**Уæрæсейы Национ гвардийы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ**

## Дзырды фарн

*Дзыллæтæ иууыл æфсымæртау – уарзон. Арвы кæрæттæй нæм хонæг цæуæнт.*

***ПЛИТЫ Харитон***

Боныхъæд

Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **19 августы** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **19-31 градусы онг хъарм.**

Боны дæргъ — 13,49

Хурыскаст — 05,11
Хурныгуылд — 18,58

Валютæйы аргъ

Доллар — 80,02
Евро — 93,71

12 +

Социалон фондæй

# Ныййарæджы капитал – сывæллæтты ахуырадæн

**Цæгат Ирыстоны 2025 азы райдайæнæй фæстæмæ 700 бинонтæн радтой ныййарæджы капитал сывæллæтты ахуырадæн. Уыцы хъуыддагæн Уæрæсейы Социалон фонд радих кодта 73,3 милуан сомы.**



Ныййарæджы капиталæй сывæллæтты ахуырадæн пайда кæнын Цæгат Ирыстоны бинонты 'хсæн ахсы дыккаг бынат цæрæнуаты уавæртæ фæхуыздæр кæныны фæстæ.

Ныййарæджы капиталы фæрæзтæй бафидæн ис сывæллоны ахуыр кæнынæн ахуыргæнæн организацийы – сывæллæтты цæхæрадонæй университеты онг, фæсарæйнаг æвзæгтæ æмæ автомобил скъæрыны курсытæн, алыхуызон секцитæ æмæ къордтæн, сфæлдыстадон æмæ спортивон архайды уроктæн. Ахуырадон уагдон, гæнæн ис, æмæ уа хи, спайда кæнæн ис индивидуалон амалхъомты лæггæдтæй (сывæллонгæс, репетитор æмæ афтæ дарддæр). Уымæй уæлдай, сертификатæй бафидæн ис сывæллонмæ кæсыны лæггæдтæ, стæй ахуыры рæстæг студентæн æмдзæрæнæн фидынæн дæр.

Фæрæзтæ æрвитын цы ахуырадон организаци кæнæ индивидуалон амалхъоммæ нысангонд цæуынц, уыдон хъуамæ уой Уæрæсейы территорийыл æмæ сæм уа ахуырадон лæггæдты лицензи.

Ныййарджытæн сæ бон у мадæлон капиталы фæрæзтæй цалдæр сывæллонæн уыцы-иу рæстæг спайда кæнын (зæгъæм хистæр æмæ кæстæрæн). Алы сывæллоны тыххæй дæр бадæттын хъæуы хицæн курдиат. Æнцондæр у уый паддзахадон лæггæдты порталмæ электронон хуызы барвитын. Сертификаты фæрæзтæй пайда кæныны курдиат бадæттæн ис Уæрæсейы Социалон фонды Цæгат Ирыстоны хайады клиентон службæ кæнæ МФЦ-мæ.

Ахуырады лæггæдтæ æххæст кæныны бадзырды къопи бавдисын нæ хъæуы. Хайад æй йæхæдæг райсдзæн уагдонæй информацион æмархайды бадзырдмæ гæсгæ.

Иугонд контакт-центр 8-800-100-01 (бадзурæн ис лæвар).

Регионалон хайад кусы къуырисæрæй цыппæрæммæ – 9:00-18:00, майрæмбоны 9:00 – 16:45.

**Уæрæсейы Социалон фонды РЦИ-Аланийы хайады пресс-службæ**

Медицинæ

# Фидæн абонæй аразгæ у…

**Нæ республикæйы дарддæр цæуы егъау куыст цæрджытæн се 'нæниздзинад сбæрæг кæныны хъуыддаджы, нацпроект «Дæргъвæтин æмæ активон цард»-ы фæлгæты.**

**2025 азы райдайæнæй се 'нæниздзинады уавæр сбæрæг кодтой 25 мин цæрæгæй фылдæрæн. Программæмæ хауынц профилон специалистты консультацитæ, ультразæлон, лабораторон æмæ æндæр иртасæнтæ. Уыдон фадат дæттынц низтæ рагацау сбæрæг кæнынæн, цæмæй сæ карздæр кæнын ма бауадзой.**

**РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр Тебиаты Сосланы ныхасмæ гæсгæ, профилактикæ, раздæрау, у æнæниздзинад хъахъхъæнынады системæйы сæйрагдæр: «Нæ нысан – цæмæй Цæгат Ирыстоны алы цæрæгæн дæр фадат уа нырыккон диагностикæ ацæуынæн, хæрзхъæд медицинон æххуыс райсынæн. Фæстæдæрмæ йæ ма æргъæвут, бамæт кæнут уе 'нæниздзинадыл, уæ фидæныл абон. Æппæт лæггæдтæ дæр сты лæвар».**

**Диспансеризаци ацæуæн ис, чи кæм цæры, уым поликлиникæйы, регистратурæ кæнæ участочы дохтырмæ бацæугæйæ.**



**РЦИ-Аланийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ**

Хъæууон цард

# Фæллой – бинонты дарæг

**Æргом ныхасы къæм нæй, дæсгай азты нæ базарты бынæттон хъæууонхæдзарадон продукттæ стæм сты. Уый хыгъд æндæр рæттæй ласт хойрагæн ныккæнæн дæр нæй, кæд æмæ республикæйы хъæуты цæрджытæ, сæ бинонтæн кæй æрцæттæ кæнынц, уыдонæй уæлдай халсартæ æмæ дыргътæ, æхсыры продукттæ ласиккой горæтмæ æмæ сæ адæмæн уæй кæниккой. Кæй зæгъын æй хъæуы, æппæт санитарон домæнтæ æххæст кæнгæйæ. Уымæй рамбулид бынæттон товаруадзæг дæр, æлхæнæг дæр. Дæлдæр цы æрыгон сылгоймаджы тыххæй радзурдзыстæм, уый уымæн – æвдисæн.**



Райсомы фондз сахатыл фыййаджыбылаг **Туаты Татьянæ**, йæ хъугдуцæн аппарат йæ къухы, афтæмæй скъæты дуарæй бахизы. Ныр къорд азы райдайы афтæмæй йæ бон хæдзары 'фсин. Фынддæс хъуджы дарынц бинонтæ, цыппæрдæс дзы сты дуцгæтæ. Йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй сæ фылдæр къухæй дуцы, афтæ йæ зæрдæмæ фылдæр цæуы. Дыгъд куы фæвæййы, уæд сæм базилынц йæ мой Эдикимæ, стæй сæ хизæнуатмæ аскъæрынц. Таня та æхсыр бабæстон кæны, æмæ цыхтытæ, сылы æмæ хуырхимæ йæ цардæмбалы хæдтулгæйыл хъæуæй горæтмæ сласынц. Дзæуджыхъæуы базартæй иуы аренды райстой чысыл дукани, уæй дзы кæнынц хæдзары конд урсаг, æрвылбон сæм лабораторийы куы æркæсынц, уæд. Æлхæнджытæ се ссæуынмæ æнхъæлмæ фæкæсынц.

– Фау не 'рхæссы нæ продукцимæ æлхæнæг, уымæн æмæ, бинонтæ кæй хæрынц, уыцы продукттæй ласæм уæймæ дæр. Æхсыры сæртæ нæ исын, цыхт ахсæнæй ахсын, уæдæ æхсыры хæрзхъæддзинад дæр æрвылбон базары лабораторийы бæрæггонд цæуы. Æртæ мæйæ æртæ мæймæ хъомтæй исынц туг æмæ бæрæг кæнынц, бруцеллез, кæнæ æндæр низæй рынчын у стур, æви – нæ,– йæ куысты архайды фæдыл нын дзуры йæ хабæрттæ Татьянæ.

Ацы куыст кæныны хъуыды уæм куыдæй æрæфтыд, зæгъгæ, йæ куы бафарстам, уæд нын бамбарын кодта, сæ кæстæртæн хæрзхъæд æхсыры продукттæ хæрын кæныны тыххæй кæй бавнæлдтой фосы куыстмæ. Уымæн сын хорз фадат фæцис, йе 'фсин Валентинæ сын Джызæлæй цалдæр хъуджы куы ратта, уæд. Фос бабирæ сты, чысыл фермæ дзы рауад. Лæппутæ Алан, Олег æмæ Алим, стæй дыууæ чындзы – Настя æмæ Лизæ стыр æххуыс сты бинонты хистæртæн, суанг ма йæ хъæбулы хъæбул Эля дæр йæ быцъынæг фæтоны хъуг æрдуцынмæ. Авдаздзыд чызг йæхи æмбарынхъом куы фæци, уæдæй афтæ дзуры, хъомты дохтыр уыдзынæн, зæгъгæ. Æвæццæгæн, тæнзæрдæ сабийы сыгъдæг уд, æгомыг удгоймагæн цæмæй баххуыс кæна, уыуыл вæййы йæ катай. Иу хъугдуцæг нæм ис, æмæ фаг у, ды хъуамæ ахуыргонд чызг уай, зæгъгæ, йæм фæхæцы йæ 48-аздзыд нана.

– Кæсын, æмæ Ирыстоны бирæтæ архайынц, сæ цæхæрадæтты цы 'рзайын кæнынц, хæдзæртты цы хойраг сцæттæ кæнынц, уыдон фылдæр уадзынмæ. Мæ телефоны ис сæ къорд, кæрæдзийы тыххæй дзы исæм информаци. Фæлæ уый фаг нæу, нæ базарты республикæйы 'рзад æмæ конд продукци уæвгæ дæр нæй, æмæ уымæн йæхи аххосæгтæ ис. Фæнды сæ, цæмæй хæрзхъæд бынæттон продукци хæрой адæм, халсартæ, мыд, хæдзары конд продукттæ нæхимæ фылдæр уой, – зæгъы Татьянæ.

– Афтæ мæ куы бафæрсынц, дæ чындзытæ куыд сты, уæд мæ дзуапп вæййы ахæм: махæн хорз хицау ис, уый тыххæй стæм афтæ дзæбæх. Уый куы нæ уаид, уæд афтæ адджынæй дæр нæ цæриккам. Æртæ сылгоймаджы иу хæдзары зынтæй фæцæрдзысты, мæ чындзытæ мын хорз æххуыс сты. Мæ иу чындз уырыссаг у, æрхонкæйаг чызг Настя Шалагина, иннæ – Слантæй, Лизæ йæ ном. Зын, фæлæ арфæйаг куыстыл хæст сты Туаты бинонтæ, хъæубæсты 'хсæн царды амæлттæ кæнынц. Рæзы æмæ дзы хъомыл кæны цыппар кæстæры – æртæ лæппуйы æмæ чызг. Ацы бон дæр та сæумæйæ райдайдзысты сæ æрвылбоны хабæрттыл кусын, цæмæй канд сæхицæн ма уой ахъаз, фæлæ, сæ алыварс цы адæм ис, уыдонæн дæр.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, авторы ист къам**

Ирондзинад

# Фарн хистæртæй цæуы

**Абон стыр Елхоты дзырддзæугæ хистæртæй иу у ХАБÆТЫ Батмырзæ. Хæсты сывæллæтты фæлтæры минæвар, схъомыл æнæ фыдæй, хæрз æрыгонæй æрлæууыд фæллойы фæндагыл. Ныр акаст йæ 85 азы сæрты, разы у йæ кæстæртæй, уыдон сты æртæ фæлтæры. Ахуыр сæ кæны ирондзинадыл. Уый фæдыл у нæ ныхас Хабæйы-фыртимæ:**



— **Нæ буц хистæр, дæ сабидуг дæ зæрдыл арæх æрлæууы?**

— Цæй сабидуг уыдис хæсты сывæллæтты фæлтæрæн? Зæгъæн ис, хæст нын æй байста. Æз мæхæдæг мæ фыды хъуыды дæр нæ кæнын. 1941 азы майрæмы мæйы (августы) сæ æртæ æмгарæй — **Мырыкаты Хъауырбег, Кодзырты Махарбег** æмæ мæ фыд **Хабæты Шамилы** — акодтой хæцæг æфсадмæ. Уæд Елхоты машинæ-тракторон станцæйы (МТС) уыдис æртæ уæзласæн хæдтулгæйы, куыстой сыл уæлдæр ранымад æмгæрттæ. Ацыдысты æд хæдтулгætæ æмæ ма дзы сыздæхт æрмæст Мырыкаты Хъауырбег.

— **Ацы аз нæ бæстæ сбæрæг кодта Цытджын Уæлахизы 80 азы каддæджын бæрæгбон. Æвæццæгæн, дæ фыды дæр æрымысыдтæ…**

— Уый мæнæй рох никæд уыдис, бæрæгбæтты та, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ фыдæлты нæмттæ уæлдай буцдæр вæййынц. Нæ алы къахдзæф дæр уыдонимæ фæбарæм. Уæлдайдæр нæ ирондзинады фæзилæнтæ. Ныхас дæр ыл нæй, стæй уый сусæггаг нæу, цыфæнды гыццыл хъуыддаг дæр райдайы æгъдауæй. Фæтк кæм нæ уа, уым хъуыддагæн рæстмæ цæуæн нæй, лыггæнинаг фарстатæ нывыл арæзт никуы æрцæудзысты.

— **Мах, Ирыстоны хъæбултæ, нæ сæр бæрзæндты хæссæм, алантæ байзæддæгтæ стæм, зæгъгæ. Нæ республикæ дæр афтæ хуыйны: Цæгат Ирыстон-Алани, Хуссар Ир та — Паддзахад Алани.**

— Ай-гъай, искæмæй сæрбæрзонд уæвын æвзæр нæу. Нæ рагфыдæлтæ, астæуккаг æнусты цæрæг разагъды алантæ кæй уыдысты, уый раджы сбæрæг кодтой суанг фæсарæйнаг ахуыргæндтæ. Фæлæ мах, абоны цæрæг ирæттæ, сæ разы хæсджын стæм, фыццаджыдæр, цы диссаджы рæсугъд æгъдæуттæ нын ныууагътой, уыдон æххæст кæнынæй. Зæгъæм, алантæм стыр кадыл нымад уыдис хистæрæн балæггад кæнын, æххуысхъуаг адæймагмæ дæ арм бадарын, йæ зындзинадæй йын иу хай дæхимæ райсын, йæ цинып ын зæрдиагæй бацин кæнын. Стæрты уæвгæйæ-иу цы фæфос кодтой, уый æмхуызонæй уæрст цыдис се 'мбæстæгтыл, уæлдайдæр цыбыркъух адæймæгтыл. Уыцы фæтк ирдæй æвдыст цæуы Нарты кадджыты дæр. Цыбыр дзырдæй, алантæ цардысты «хицæн арт æмæ æмæхсæвæрæй».

— **Фыдæй-фыртмæ адæм се 'хсæн бирæ рæсугъд æгъдæуттæ æххæст кодтой. Куыд дæм кæсы, абон дæр афтæ у?**

— Дæ фарстæн цыбыр дзуапп раттæн нæй. Ахъуыды ма кæн, хистæртæн куыд кад кодтой, сылгоймаджы фарн кæуылты æххæссыд. Иннæ ахæм мæгуыртæн, зианджынтæн баххуыс кæнын алчи йæхицæн нымадта хæсыл. Раст куы зæгъæм, уæд абон дæр уыцы æгъдæуттæй бирæтæ æххæстгонд цæуынц, уæлдайдæр зианы рæстæг. Фæлæ ам дæр, хъыгагæн, «хъулон» митæ фенæн ис. Бонджыны мардмæ фæцæуынц æзфæраздæронæй, стæй сæ сабæттæгтæ вæййынц «уæззау». Мæгуыры мардмæ та мæгуырау адæм æрцæуы, стæй сæ сабæттæгтæ дæр вæййынц мæгуырау. Уыцы цæстмæ митæ халынц нæ адæмы иудзинад, дихтæ нæ кæнынц.

— **Батмырзæ, ды ма хорз хъуыды кæндзынæ не 'мхъæуккаг Андиаты Мæхæмæты. Журналист-публицист йæ уацтæй иуы афтæ загъта: «Зæрдæйæн зынаргъдæр, удæн адджындæр цы у, уыцы хæзнатæ мах алкæддæр абарæм мадимæ. Алы адæм дæр уыцы цæстæй кæсынц æмæ аргъ кæнынц се 'взагæн æмæ йæ уымæ гæсгæ хонынц мадæлон». Дæумæ гæсгæ, не 'взаг абон фæдисы уавæрмæ кæй æрцыд, уым аххосджын чи у?**

— Æз ахуыргонд нæ дæн, иннæ ахæм æвзагиртасæг. Фæлæ йæ куыд æмбарын, афтæ йæ зæгъын. Алцыдæр цæуы бинонтæй. Сывæллонимæ йæ ныййарджытæ, йæ дада æмæ нана иронау куы нæ дзурой, уæд куыд хъуамæ бауарза æмæ базона йæ мадæлон æвзаг. Иннæ ахæм, рæвдауæндæттæ сафынц сабитæн сæ ирон æвзаг, уæдæ скъолаты дæр къуыри дыууæ сахаты æндæр нæй мадæлон æвзагæн.

— **Ныры дуджы дзыллон хабархæссæг фæрæзтæн ис стыр ахадындзинад. Куыд дæм кæсы, уыдон абон ирон æвзагæн ахъаз сты æви цæлхдур?**

— Йæ цæрæнбон бирæ Битарты Вячеславæн, уый фæрцы нæм фæзынд телеканал «Осетия-Ирыстон». Уагæвæрдмæ гæсгæ, телевизион равдыстытæн сæ раст æмбис хъуамæ уой ирон æвзагыл. Хорзыл банымайæн ис нæ удварны хæзнатæм раздæхыны мадзæлттæ: «Фыдæлтæм фæндаг», «Нысантæ», «Ракуывд». Ацы фæстаг равдысты тыххæй мæ зæгъын фæнды иу фиппаинаг. Уыцы ракуывдты хъуысынц Иунæг Хуыцау, Сыгъзæрин Уастырджи æмæ иннæ зæдты нæмттæ. Æрхъуыды кæнынц, табу сæхицæн, Заманхъулы Дурджынбæрзонд, Олгинскæйы Цыргъобау, Беслæныхъæуы Уастырджийы. Цымæ цæмæн ферох, æнусты арфæй нæм цы кувæндон æрхæццæ, уый — Дзлаты (Тæтæртуппы) Уастырджи? Ирон адæм Уæрæсемæ Æрджынарæгыл куы цæуынц æмæ йыл сæхи куы бафæдзæхсынц. Ныр цыппæрæм аз сæрмагонд æфсæддон операцимæ цæуæг фæсивæды дæр ацы кувæндоны бафæдзæхсынц хистæртæ Дунесфæлдисæг æмæ йе сконд зæдтæ æмæ дауджытыл.

— **Раст сты дæ уайдзæфтæ, фæлæ ма дæ бафæрсон: ирон æгъдау абон йæ бынаты ис?**

— Куыд дын зæгъон? Терчы доны уылæн уылæны куыд ивы, афтæ замантæ дæр ивгæ цæуынц. Ахæм уавæры æгъдæуттæн дæр æнæ ивгæ нæй. Æрмæст сæ мидис хъуамæ ивд ма цæуа. Цæмæн хæссæм не 'гъдæуттæм ивддзинæдтæ? Ома, афтæ мын æнцондæр у, зæгъгæ, фæзмæм æндæр адæмыхæттыты. Бирæ лæппу-фæсивæд бинонты хъуыддаг нæ кæнынц, «фæрæзтæ нæй» æфсонæй. Ау, æмæ нæ фыдæлтæ хохы цъæссыты куы цардысты, уæд сæ авналæнтæ уæрæхдæр уыдысты? Уæдæмæ ныры фæсивæд сты æнæныфс.

— **Бузныг дæ мидисджын дзуаппытæй.**

**Ныхас ныффыста КЪУБАЛТЫ Аркади**

Уæрæсейы Хицауадæй

# Зæххы хæйттæй пайда кæнын

**Фæсгорæт уæрæсейæгтæн цы дачætæ æмæ зæххы хæйттæ ис æмæ сæ æртæ азы дæргъы пайда кæй нæ кæнынц, уымæ гæсгæ сæ 1 сентябрæй фæстæмæ паддзахад йæхимæ исдзæн.**



Раздæр уал дачæйы, зæххы хайы хицауæн рагацау бафæдзæхсдзысты пайда сæ кæнын, уый фæстæ баййафдзæн 50 мин сомы ивар. Уый фæстæ та, чи зоны, зæххы хай æмæ дачæ ист æрцæудзысты.

Зæххы хайæн йе 'мбис бырон æмæ æппарæццæгты бын куы фæуа, азæй фылдæр æй куы нæ бафснайой, цавæрдæр арæзтад дзы куы нæ фæзына кæнæ дзы авд азы дæргъы хицæн хæдзар куы нæ сарæзтæуа, уæд æй æнæхицауæй банымайæн ис.

Уыцы уагæвæрд бар дары, æртæ азы дæргъы зæххы хайыл цы зауат, хæлддзаг арæзтæдтæ ис, уыдон халынмæ кæнæ цалцæг кæнынмæ куы нæ бавнала йæ хицау, уымæ дæр. Æппæт уыдæттæ фыст æрцыдысты, Уæрæсейы Хицауад цы уынаффæ бафыста, уым. Зæххы хæйттæй пайда кæныны тыххæй закъон йæ тыхы бацыд 2025 азы 1 мартъийæ.

**Нæ уацхæссæг**

Историйы сыфтæ

# Куыд равзæрд Хетæджы Уастырджийы кувæндон?

**Газет «Стыр Ныхас»-ы иу уацхæссæг, йæхи куырыхон чи хоны, уый фыссы æрмæг. Йæ сæргонд – «Цы нысан кæны къæлиндар» Хетæджы Уастырджийы тыххæй. Ацы бæрæгбон фæбæрæг кæнынц сусæны мæйы дыккаг Хуыцаубон. Куыд равзæрд, уый алчидæр зоны, æмæ йыл уый тыххæй нæ дзурдзыстæм. Бадæнты тыххæй та фыссы: «Ацы кæнд кæнынц ног мæрдтæн. Зианы æгъдаумæ гæсгæ хуыцаубоны куы баизæр вæййы, уæд марды уд йæ бинонтæм фæстæмæ æртæхы æмæ æхсæв-бонмæ фæкæсы бинонтæм, æнæ уымæй куыд цæрынц, куыд æй мысынц, уымæ. Стæй, куы 'рбабон вæййы, уæд фæстæмæ йæ бынатмæ атæхы... Иу районы газеты дæр уыцы уацхæссæг фыссы æрмæг, йæ сæргонд – «Хетæджы Уастырджи». Уым зæгъы, Хетæджы кувæндоны равзæрд фæсивæд нывыл кæй нæ зонынц, æмæ ма йæ нæ зæрдыл ногæй куы 'рлæууын кæнæм, уæд, æвæццæгæн, рæдыд нæ уыдзæн, зæгъгæ.**

дзæджы 'хсæн дидинджыты бастау авæрдта. Йæ тыхджын уылæн, фæззыгон хус сыфтæртау, Зеленчукы цæрæг, аллойнаг æлдар Иналы (Хетæджы фыд) фæдисæттыл ахæцыд æмæ сæ Æрджынарæгæй фæдæле кодта. Чысыл раздæр тыгъд быдыр кæм уыди, уым цалхыдзаг мæйау февзæрд тымбыл къох, абон хæссы Хетæджы Уастырджийы кувæндоны ном. Хетæгæн Хуыцау ахæм арфæ ракодта, æмæ Туалгоммæ бафтыд, æрбынат кодта Нары хъæуы, бинонты хъуыддаг бакодта, цот сын рацыд». Азæмæт дарддæр фыссы: «Хетæгæн йæ фарæстæм фæлтæр – Ле-




Этнографион литературæйы бирæ таурæгътæ ис ацы къохы равзæрды тыххæй. А. Шегрен цы таурæгъ æрхаста, уымæ гæсгæ раджы цардис (кæм цардис, уый бæрæг нæу) иу нæртон хъæбатыр лæг, йæ ном – Хетæг. Иу рæстæг æм знæгтæ ныббырстой, æмæ, уыдонæй тæрсгæйæ, фæлыгъд йæ цæрæн бынатæй (гæнæн ис, Суадагмæ). Куы 'рбахæццæ, уæд йæ тых асаст, йæ бон цæуын нал уыд. Уыцы рæстæг æм хъæдæй æрбайхъуыст кæйдæр хъæлæс: «Хетæг, хъæдмæ!» Уæд æм Хетæг дзуры: «Хетæг хъæдмæ нæ, фæлæ хъæд – Хетæгмæ!» Уыцы уысм æцæгæйдæр хъæды фахсæй иу гæбаз фæхицæн, æмæ Хетæджы алыварс тымбылæй февзæрд, знæгтæй йæ баауон кодта, бахъахъхъæдта.

Н. Березнов та æндæр таурæгъ ныффыста. Раджы заманты, Хетæджы къох ныртæккæ цы бынаты ис, уым цардис, диссаджы алæмæты миниуджытæй æххæст чи уыд, ахæм зондджын, куырыхон лæг Хетæг. Уый, дам, арвыл стъалыты нымæц нымадта йе 'нгуылдзтыл, базыдтаиу рагагъоммæ, цы цаутæ æрцæудзæн, уыдон, базыдта-иу адæймаг æмæ фосы мæлæт. Уымæ гæсгæ йæм адæм цыдысты фæрсынмæ, æнæ уый бафæрсгæйæ, цуаны дæр æмæ балцы дæр ничи цыдис. Фæстагмæ, азтæ куыд цыдысты, афтæ Хетæг фæцудыдта, бакуырм ис, йæ диссаджы миниуджытæ сæфын байдыдтой. Раст уыцы афон адæмыл айхъуыст, зæгъгæ, знаг хъæумæ æрбабырсы, æмæ бынтондæр хъуамæ пырхгонд æрцæуа. Знаг хъæумæ (Суадагмæ) куы æрбацæйхæццæ кодта, уæд цæрджытæ зæронд Хетæгæн загътой, ома, мах иууылдæр хъуамæ хъæдмæ алидзæм, ды дæр немæ рацу, науæд сæфыс. Уæд Хетæг загъта: «Мæнæн мæ бон хъæдмæ ацæуын нал у, фæлæ, хъæд, дæуæн дæхимæ сидын, æрцу мæм дæхæдæг, æмæ мæ бахиз фыдызнагæй. Хъæд, фехъуысæд дæм мæ лæгъстæ!». Уæд, зæгъы, хъæдæй иу хай сыстад æмæ Хетæджы алыварс февзæрд, знæгтæй баауон кодта Хетæджы æмæ хъæубæсты дæр. Уыцы цау фенгæйæ, знæгтæ зæрдæсаст фесты æмæ фæстæмæ фæлыгъдысты. Автор кæронбæттæн скодта: Хетæджы æмæ хъæубæсты хъæд кæм баауон кодта, уым арæзт æрцыд кувæндон Уастырджийы фæндонмæ гæсгæ, æмæ абон ацы къох хæссы Хетæджы Уастырджийы кувæндоны ном. Ацы æрмæг районы газеты куы рацыд, уæд Æгайты Амырхан дæр уыцы редакцимæ бахаста стыр æрмæг, йæ сæргонд – «Хетæг». Хъуыстгонд фыссæг, ирон куырыхон хистæр Хъайтыхъты Азæмæты бæлвырд дæнцæгтæй фыст таурæгъ уыцы газеты мыхуыргонд æрцыд раздæр, æмæ йæ куы бакасти, уæд дзы, æвæццæгæн, йæ зæрдæмæ цыдæр нæ фæцыд, æмæ уый фæдыл ныффыста, уæлдæр цы дæнцæгтæ 'рхаста, уыдон растдæрыл банымайынил. Цыбырæй хæссын скъуыддзаг Азæмæты фыст таурæгъæй: «Йæ зонд, йæ зæрдæйы йын скъахта муртаккаг дины арф уидæгтæ, æмæ йæ чырыстон диныл бафтыдта Хетæджы. Рагон дин сæ хъуынджын зæрдæты кæмæн фыхт, сæ туг, се стæджы кæмæн ахъардта, уыцы хистæртæ куыннæ фæгуырысхо уыдаиккой Хетæгыл, æмæ йæ сындзын арты басудзынывæнд скодтой. Фæлæ, табу хъуыддæгтæ аразæг Уастырджийæн, Хетæгыл саджы къæхтæ бафтыдта, æмæ йын цы уæззау фæлварæн снывскодта, уыцы фæндагыл æй араст кодта. Цард зынаргъ у, æмæ, Хетæджы адзалы тас йæ уæлныхты куы систа, уæд ралыгъди уыцы хъæуæй, йæ ных сарæзта Ирыстоны 'рдæм. Йæ хистæр æфсымæртæ Биаслан æмæ Аслæмбег æй сæ хъузæттимæ сурынтæ байдыдтой. Хетæгæн йæ чъиухид лæсæнтæ кодта, афтæмæй йыл уæрæх быдыртæ скъуындæг сты. Хæхтæм баирвæзынмæ йæ бирæ бæргæ нал хъуыди, фæлæ, Суадагмæ куы бахæццæ, уæд уæрджытæ даддæр йæ коммæ нал кастысты. Йæ ком дойныйæ ныххус, цæстытæ тартæ кодтой. Цъæх нæууыл æрхауд æмæ йæ цыппæртыл, хæстулæфтгæнгæ, размæ куы абырыд, уæд кæйдæр зæлланггæнаг хъæлæс йæ хъусты ныййазæлыд.: «Хетæг, хъæдмæ, хъæдмæ!» «Хе-етæг, хъæ-æдмæ на-ал, хъæд – Хе-етæгмæ», – сфæрæзта ма адзалы разæй лидзæг лæппу, æмæ йæ фæллад сырх цæстытæ хъæдмæ ныццавта. Уалынмæ зилгæ дымгæ Суададжы хъæды сæрмæ февзæрд. Цъилау ныззылдтытæ кодта æмæ тар хъæды бæстастæуæй æнусон бæлæсты стыр къох æдтъанг-æдтъунг срæмыгъта, æмæ йæ, Уастырджийы амындмæ гæсгæ, тыгъд быдыры, сурджытæ æмæ лиуаны хæдзары байгом Уастырджийы сыгъзæрин чырыны дуар. Скасти дзы ног бонвæрон стъалы, йæ дæсæм фыдыфырттæй Къоста «Ирон фæндыр»-имæ», æмæ рагон нæртон Ацæмæзау йæ диссаджы курдиатмæ æнæхъæн дуне æркасти. Нары хъæу æмæ Хетæджы къох Иры дзыллæтæн сты абон æппæты кадджындæр рухс кувæндæттæ».

«Ирон фæндыр» тæлмацгонд æрцыд Англисы, Индийы, уырыссаг æвзагмæ æмæ а.д. Фыссы йæ Къоста йæхæдæг дæр «Ирон фæндыр»-ы æмдзæвгæйы хуызы уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй, йæ сæргонд – «Хетæг». Тынг бæлвырд дзы фыссы Хетæджы хъысмæт æмæ царды тыххæй. Æрхæсдзынæн дзы иу-цалдæр цыппаррæнхъоны:

*Раджы, зæгъон, æмæ раджы*
*куыд уыдаид?*
*Иууыл æрæджы зæгъон,*
*æмæ – сайддæр!*
*Æз ныр мæхæдæг – йæ дæсæм*
*фыды фырттæй,*
*Сегасæй сæфтдæр,*
*мæгуырдæр, æгаддæр...*

*Ахуыр кæнынмæ йæ Хърыммæ*
*куы арвыстой,*
*Бафтыд уæд иу грекъаг*
*беримæ Хетæг.*
*Уый йæ сæхирдыгон карз*
*дзуармæ акодта, –*
*Лæппу сæ афтæ фæдзуры*
*йæхæдæг.*
*Мард сыстгæ дзы, зæгъы,*
*федтон мæхи цæстæй,*
*Динамонджытæм дзы бирæ*
*фæхъуыстон...*
*Бакаст сæ чингуыты... базыдта*
*се 'гъдæуттæ...*
*Скодта йæ цæуынмæ уым*
*йæхи.. чырыстон...*
*Банцад чызг... Туджы цъыртт*
*нал уыд йæ уадулты...*
*Базыр-зыр кодта, фæцудыдта*
*размæ...*
*Февзыгъд æм кæстæр хо.*
*Мардау æй чызджытæ*
*Рахастой уырдыгæй устыты*
*уатмæ...*

Хъайттаты Сергей йæ 3-аг рауагъды фыст чиныг «Ирон хабæрттæ»-йы 159 фарсы фыссы: «Хетæг Нары куы фæзынд, уæдæй нырмæ цæудзæни 400 азæй фылдæр. Хетæгæй Къостамæ рацыд дæс фæлтæры бæрц...» А. Шегрен æмæ Н. Березновы таурæгъы фыстытæ та нымад цæуынц рæдыдыл.

**ТОМАЙТЫ Елмырзæ,**
**фæллойы ветеран**

Æхсызгон цау

# ЦИПУ–йы студенттæ – Хъырымы

**ЦИПУ-йы историон факультеты студенттæ архайынц Хъырымы республикæйы археологон балцы. Уым кусынц археологийы антикон цыртдзæвæн Кыз-Аулы некрополы къахæнты.**

**Иртасæн куыстыты архайынц 1-3 курсыты студенттæ Еналдыты Тимур, Дмитрий Андрейков Сотаты Вероникæ, Легойты Руслан, Цæхойты Дзерассæ, Мецъаты Сæрмæт.**

**Уæрæсейаг историйы кафедрæйы доцент, историон наукæты кандидат Мамиаты Михалы разамындæй наукон-студентон лаборатори «Бынтæ»-йы архайджытæ Уæрæсейаг наукæты академийы Археологийы институты кусджытимæ кæнынц наукон-агурæн куыст Боспораг паддзахады (бындур ын сæвæрдтой колонисттæ нæ дуджы размæ VI-æм æнусы), археологон цыртдзæвæнтæ иртасгæйæ.**

**Цыртдзæвæн Кыз-Аул ис поселок Яковенкойы фарсмæ донбылгæрон. Ис дзы бирæ монументалон дурын зæппæдзтæ. Некрополь иртасгæйæ, æргомгонд æрцæудзысты византийагалайнаг бастдзинæдты ног цæвиттонтæ. Историкты хъуыдымæ гæсгæ, гæнæн ис, æмæ ацы ран алантæ уыдысты Боспораг паддзахад хъахъхъæнæг.**

*ЦИПУ-йы пресс-службæ*



Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Мæ уарзон сыхбæстæ

Райсомæй хуры фыццаг тынтимæ адæймаг йæ сыхаджы фены. Кæрæдзийæн зæрдиаг æгасцæуай куы зæгъой, уæд уый дæр амонд у. «Мах хуызæн хорз сыхæгтæ никæмæн ис», – афтæ зæгъдзæнис Хъæдгæроны Хуытъинаты Цыппуйы уынджы цæрджытæй алчидæр. Бирæ азты размæ ацы сыхбæстæм куы æрбацыдтæн, уæд дзы цы æгъдауджын, фæрнджын хистæртæ æрбаййæфтон, уыдонæй алчидæр уаид хицæн ныхасы аккаг. Куыд лымæнæй цардысты, æнæзивæгæй, бахъуаджы рæстæг кодтой хæрзад чъиритæ, фыхтой диссаджы бæгæны. Мах дæр-иу сæ фарсмæ архайдтам.

Æнусты сæрты нæм нæ рагфыдæлтæй æрбацыд сыхбæстæ иугæнæг бæрæгбон – Рæстæйы куывд. Нæхи йæм фæцæттæ кæнæм. Гыццыл чызджытæй райдай, æмæ алы кары сылгоймæгтæ, бæрæгбоны фынджы уæлхъус сæмбæлæм, хъæлдзæгæй рæстæг арвитæм.

Не 'хсæн нал сты нæ буц хистæртæ – Бериты Таня, Елуаты Любæ, Дзугаты Зинæ, Демыраты Зинæ æмæ иннæтæ. Цы хорз æгъдæуттæ æмæ фарн ныууагътой, уыдон дарддæр сæрыстырæй хæссынц абоны фæлтæртæ. Раздæрау хæларæй цæрынц, кæрæдзийы фарсмæ балæууынц. Уый фæзминаг хъуыддаг у. Нæ сыхбæсты амонд фæцис чындзытæй дæр. Раппæлыны аккаг сты **Томайты Мæдинæ, Бутаты Мæдинæ, Хуытъинаты Эльвирæ, Викæ** æмæ **Неля, Ботъоты Зæлинæ, Садыхъоты Ритæ, Дауыраты Индирæ** æмæ **Фиалетæ, Беджызты Лаурæ** æмæ иннæтæ. Нæ æнгом сыхбæстæн дохтыры лæггад кæны **Хъуылаты-Дауыраты Ритæ**, районы поликлиникæйы кардиолог, не ппæтæн дæр у стыр ныфс.



«Алкæмæн дæр йæ амонд конд у» фæзæгъынц. Нæ сыхы фæсивæдæй дæр чидæртæ цæрынц Ирыстонæй дард ран. Уыдонæй иу, **Созæты Бертæ**, цæры æмæ кусы Бетъырбухы. Бирæ уарзы йæ райгуырæн Хъæдгæрон æмæ æрвылаз æхсызгонæй сæмбæлы йæ сыхбæстыл. Бертæ æнæрхъуыдыйæ никæй ныууадзы. Уæлдай буц скæны сыхы сывæллæтты. Сæ кармæ гæсгæ фæхайджын вæййынц лæвæрттæй. Амбырд та сæ кодта æрæджы, фых нартхæрттæ сын айуæрста. Ирон æвзагыл дзурын куыд хорз у, уый сын дзырдта. «Бузныг, Бертæ!» – алырдыгæй хъуыст сывæллæтты хъæр.

Уæдæ йæ фатер ирыстойнæгтæн у чысыл фысымуаты хуызæн. Ахæм уазæгуарзаг, хæларзæрдæ уыд йæ мад **Абойты Нинæ** дæр.

Хорз сыхаг уæвын тынг æнцон у. Мидбылхудгæ, цæстуарзонæй дзурут кæрæдзимæ, иумæ адджын цай цымут, хъæлдзæг бæрæгбæттæ æххæст кæнут, – афтæмæй зындзинæдтæ айрох уыдзысты, цард рæсугъддæр, æнæмæтдæр уыдзæн.

**БУТАТЫ Лизæ**

# Иу бинонтау æнгомæй цардысты

Нæ фыдæлтæ кæд ахуыргонд нæ уыдысты, уæддæр цыргъзондмæ уыдысты æмхиц, сæ ныхас та – цардмæ хонæг. Æнгом бинонтæн сæ архайд ирон фарн æмæ æгъдауыл кæй уыдис, уымæн æвдисæн сты арф хъуыдыджын ныхæстæ.



Цуаны дæр-иу иумæ кæй цыдысты, уымæ гæсгæ-иу цыргъзондыл хæст адæймаг, йæ худ бæрзонд сисгæйæ, загъта: «Æнгом цуанæттæ саг марынц, æнгом бинонтæ та цард арынц». Æмæ ацы ныхасы æцæгдзинад раиртæстон, мæ архивæй ацы къам куы систон æмæ йæм лæмбынæг куы 'ркастæн, уæд. Кæрдзыны хъæуы астæуккаг сыхы цардис Маматы Рамазан, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, партизанты къорды сæрæн архайæг, Кировы районы милицæйы уæды сæргълæууæг.

Куыд адæмы цардыл, афтæ йæхи цардыл дæр уыдис æнувыд. Хъысмæт æй баиу кодта заманхъуйлаг Хъæстуаты Умары чызг Косерханимæ. Иу ныхасæй сæм цард йæ мидбылты бахудт, бантыст сын хæдзар æмæ бинонтæ скæнын. Сыхбæсты бафæзминаг бинонты адæмы бирæ уарзтой, сæ дуармæ-иу æрæмбырд сты сыхы сылгоймæгтæ хистæрæй-кæстæрæй, сæ хъæлдзæг ныхас-иу хъуысыд дардмæ. Æрæвæрдтой-иу фынг дæр, кæстæрты ахуыр кодтой ирон фарнхæссæг æгъдæуттыл.

Иу бинонтау сæ цард кæй уыдис, уый фæрцы сæ кæстæртæ дæр цардысты тынг æнгомæй. Абон ацы фæрныг хæдзары цæры Рамазаны чызг, ахуыргæнæг Фатимæ. Стыр æргом здахы сылгоймæгты раздæры цардмæ. Кæд уыцы хистæртæй бирæтæ ацыдысты сæ зæххон цардæй, уæддæр се 'гъдау æмæ фарн баззадис уæлæуыл, æмæ йæ хæссынц сæ кæстæртæ. Бирæ ма фæцæрæнт.

**БОГАЗТЫ Арсæмæг,**
**Кæрдзыны хъæуы хистæр**

Спортивон фидиуæг



Футбол

# Фысым уæвгæйæ та фæхæрд сты

**Ивгъуыд сабаты 16 августы Уæрæсейы 2-аг къорды футболон чемпионаты дæлкъорд «Сыгъзæрин»-ы командæтæ акодтой 5-æм туры фембæлдтытæ. Дзæуджыхъæуы ФК «Алани», фысымы ном хæсгæйæ, йæ радон фембæлд акодта «Тюмень»-имæ Грознайы Султан Билимхановы номыл стадионы.**



«Алани»-йы рæнхъыты хъазыдысты: №1 – Биазырты Давид, №99 – Махач Абдулхамидов, №14 – Анзор Амиралиев, №71 – Биазырты Артур, №58 – Мурат Ышык (86' – Измаил Дибиров), №9 – Артем Закиров (86' – Огъуаты Сæрмæт), №37 – Гаглойты Тарас (57' – Гогниты Руслан), №95 – Гогниты Спартак, №4 – Хъæцмæзты Сослан, №21 – Кодзырты Артур (57' – Евгений Ибрагимов, №8 – Хуыгаты Алан.

Бæргæ хорз рауад алайнæгты архайд хъазты райдайæны. Нæ футболисттæ цы ныббырстытæ сарæзтой, уыдонæй иуы 13'-æм минутыл Гаглойты Тарасы æрбалæвæрд пурти Махач Абдулхамидов дæсны арæзт фæкодта уазджыты дуары къуыммæ, æмæ «Алани» размæ рацыд 1:0-æй. Чи æнхъæл уыд алайнæгты фарсхæцджытæй, æмæ хъазты цыд уый фæстæ цæхгæр фæзилдзæн уазджыты пайдайæн.

Дзæуджыхъæуккаг футболисттæ размæ куы атындзыдтой, уæд 17-æм минутыл уазджытæн бантыст æвиппайды ныббырст ацаразын, æмæ сæ размæбырсæг Ф. Болов пурти «Алани»-йы дуары фæмидæг кодта. Хыгъд сæмхуызон 1:1, æмæ та алайнæгтæ атындзыдтой размæ. Сæ ныббырстытæй иу куы фæсыкк ис, уæд та тюменæгтæ æвиппайды ныббырст ацарæзтой. Уымæй, сæ дуар хъахъхъæнгæйæ, нæ командæ рæдыд æруагъта, æмæ сæ тæрхонгæнæг 11-метрон цæфæй фæивар кодта. «Тюмень»-ы хъазæг Виктор Бабаев йæ гæнæнтæй спайда кодта, æмæ хыгъд ссис 1:2 уазджыты пайдайæн.

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Машук-КМВ | 5 | 2 | 3 | 0 | 5-3 | 9 |
| 2. Велес | 5 | 2 | 3 | 0 | 4-2 | 9 |
| 3. Тюмень | 5 | 3 | 0 | 2 | 10-7 | 9 |
| 4. Текстильщик | 5 | 2 | 2 | 1 | 7-6 | 8 |
| 5. **Алани** | 5 | 2 | 1 | 2 | 5-5 | 7 |
| 6. Сибирь | 5 | 1 | 2 | 1 | 6-4 | 5 |
| 7. Динамо-2 М | 5 | 0 | 5 | 0 | 5-5 | 5 |
| 8. Волгарь | 5 | 1 | 2 | 2 | 4-6 | 5 |
| 9. Ленинградец | 5 | 1 | 1 | 3 | 5-9 | 4 |
| 10. Динамо Кр | 5 | 0 | 3 | 2 | 4-8 | 3 |

Бæргæ ма къорд ныббырсты сарæзтой алайнæгтæ, фæлæ суанг хъазты кæронмæ дæр хыгъд баззад уазджыты пайдайæн 1:2-йæ. Ацы уæлахиз «Тюмень»-ы систа 1-аг бынатмæ, «Алани» та æрхызт 6-мæ.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ, æвæццæгæн, нæ футболистты архайдыл æвзæрырдæм фæзынд, хъазты 15-æм минутыл тæрхонгæнæг «Алани»-йы сæйраг тренер Гогниты Спартачы сырх къамæй кæй фæивар кодта æмæ йын командæйы цур уæвынæн бар кæй нал уыд, уыцы цау.

Ацы æфхæрд хардзау кæсы нæ командæйы фарсхæцджытæм. «Алани» йæ иннæ фембæлд акæндзæн уазæгуаты мæскуыйаг командæ «Велес»-имæ 24 августы, æмæ йæ иузæрдион фарсхæцджыты тынг фæнды сæ уарзон командæйы хъомысджынæй фенын.

5-æм туры фембæлдтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: «Динамо» (Киров) – «Велес» (Мæскуы) – «Ленинградец» – «Машук» – КМВ» – 1:2, «Текстильщик» – «Динамо» (Мæскуы) – 2:2, «Волгарь» – «Сибирь» (Новосибирск) – 1:1, «Алани» – «Тюмень» – 1:2.

Хъæбысхæст

# Нæ богæлттæм – авд хæрзиуæджы

**Республикæ Бурятийы сæйраг горæт Улан-Удэйы 13-16 августы уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдысты Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ фæсивæды (23 азы онг) 'хсæн. Ирон богæлттæн ерысты бантыст авд хæрзиуæджы рамбулын.**

65 кг онг уæзы 1-аг бынат рамбулынмæ хæстæг уыди Хъызынты Дзамболат. Уый хорз рахæцыд æртæ ныхмæлæууæгимæ, фæуæлахиз сыл æмæ кæронбæттæны фембæлд Дагестаны минæвар Башир Магомедовимæ. Сæ фембæлд ахицæн Магомедовы пайдайæн, æмæ Дзамболат хорзæхджын ссис æвзист майданæй.

Афтæ рауадысты Карсанаты Мæхæмæт, Багаты Арслан æмæ Нартыхъты Давиды турнирон фæндæгтæ дæр. Карсанаты Мæхæмæт, 79 кг онг уæзы хæцгæйæ, фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл, фæлæ кæронбæттæны нал фæцарæхст йæ ныхмæлæууæг Давид Даудовы дæр рамбулынмæ æмæ рацыд 2-аг бынатмæ. Сæ фембæлд ахицæн 12-11 хыгъдæй Даудовы пайдайæн.

Фыццаг бынат рамбулынмæ тынг тырныдта Багаты Арслан. 86 кг онг уæзы æмгъуыдæй раздæр фæуæлахиз æртæ ныхмæлæууæгыл æмæ кæронбæттæны фембæлд Калининграды облæсты номæй хæцæг богал Арсен Балаянимæ. Ацы фембæлды дæр Арслан тырныдта уæлахизмæ, фæлæ спортивон амонд фæци Балаяны фарс, æмæ Багайы-фырт æрлæууыд 2-аг бынаты.

Уæззау уæзы цы æртæ ирон богалы хæцыдысты, уыдонæн бантыст æвзист æмæ бронзæ майдантæ рамбулын.

2-аг бынатмæ рацыд Нартыхъты Давид, 3-аг та ссис Къæбысты Дэвид. Æртыккаг бынат æмæ ма бронзæ хæрзиуæг рамбылдта, 97 кг онг уæзы хæцгæйæ, Кодзырты Сергей.

Ирон богæлттæй сыгъзæрин хæрзиуæгæй хорзæхджын ссис Дзæгъиаты Сослан. Уый 1-аг бынат рамбылдта 97 кг онг уæзы.

Бафиппайыны аккаг у, ирон богæлттæй хорзæхджын чи ссис, уыдонæй Ирыстоны номæй ерысты архайдта æрмæстдæр Багаты Арслан. Иннæ богæлттæ хæцыдысты æндæр регионты номæй. Цæмæн афтæ у, уый зын бамбарæн нæу. Бæргæ, Ирыстоны дæр та куы фæзыниккой ахæм хæрзгæнджытæ, цæмæй нæ богæлттæн сæхи цæттæ кæнынæн æмæ ерыстæм цæуынæн æппæт фæрæзтæ дæр аразой.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Хæдбар паддзахæдты цæдисы кубок

# Ирыстойнаг чызджы стыр уæлахиз

**РЦИ-Аланийы Бæхты-спортивон скъолайы хъомылгæнинаг Эллинæ Мурадьянц бацахста фыццаг бынат Белоруссийы сæйраг сахар Минскы Хæдбар паддзахæдты цæдисы кубокы. Ахæм бæрзонд уæлахиз ирыстойнаг чызджы къухы бафтыд йæ бæх Юргенимæ.**

**Хæдбар паддзахæдты цæдисы ерысты Цæгат Ирыстоны кад хъахъхъæдтой фондз адæймаджы: Эллинæ Мурадьянц, Анастасия Бандурова, Кирæ Иванова, Аринæ Луценко, архайдта ма дзы чызджыты тренер Хъуысаты Алан дæр.**

**Ерыстæ цыдысты æртæ боны дæргъы, архайдтой дзы Уæрæсе æмæ Белоруссийы сæдæйæ фылдæр хуыздæр бæхылбадджытæ, се 'хсæн карз тох бацайдагъ 11 хæрзиуджыты комплектыл. Зæрдиаг арфæ Эллинæ æмæ йæ тренер спорты мастер Хъуысаты Аланæн ацы стыр уæлахизы фæдыл.**

**БУТАТЫ Азæмæт**



Акци

# Фæндæгтыл цæуыны æгъдæуттæ сæм нымады нæ вæййынц



«Мототранспорт» – афтæ схуыдтой, хæхты кæй сарæзтой, уыцы акци Алагиры районы паддзахадон автоинспекцийы инспектортæ. Уыдон Уæллаг Фыййагдоны фембæлдысты æмæ хъуыддаджы ныхас кодтой, мотоциклтыл чи балц кæны, уыцы адæмимæ.

Инспектортæ сын сæ зæрдыл æрлæууын кодтой, мотоцикл транспорты ахæм хуыз у, æмæ, рог хæдтулгæты се скъæрджыты бахъахъхъæнынæн цы фæрæзтæ æмæ гæнæнтæ ис – уромæн гæрзытæ, æдасдзинады базтæ æмæ æндæртæ – æппæт уыдæттæ дзы нæй.

Мотоцикл гом у алырдыгæй дæр, уымæй уæлдай дзы фæндаджы змæлдмæ иудадзыг цæст дарынæн дæр къаддæр гæнæнтæ ис. Мотоцикл, зæгъæм, сахатмæ 10-20 километры тагъддæр куы нæ цæуа, уæддæр дзы рахаугæйæ ис уæззау цæфтæ райсæн – къæхтæ, къухты сæстытæ, сæры хъыгдард.

Нæ республикæйы фылдæрæйфылдæр кæнынц мотоциклтыл бадæг адæм, уыимæ та – рæзы сæ аххосæй фыдбылызты нымæц. Рог хæдтулгæты хицæуттæн зымæгон фæндæгты фæстæ æнæнхъæлæджы вæййы семæ фембæлын цæугæ-цæуын, æмæ хатгай исдуг нæ фембарынц, куыд архайой ахæм уавæр, уый.

Уый уæлæмхасæн та ма фылдæр кæны, мотоциклтæ скъæрынмæ фаг фæлтæрддзинад кæмæ нæй, уыцы æрыгон адæймæгты нымæц. Иуæйиутæ æппындæр ницæмæ дарынц фæндæгтыл цæуыны æгъдæуттæ – тæхынц æгæр тагъд, сæ рæнхъæй раст нæ рахизынц, базилынц ныхмæ цæуæг фæндаджы тæлммæ дæр. Бæллæхтæ дæр уый аххосæй æрцæуы фылдæр. Æдасдзинадæн æххуыс не сты, æвиппайды цæхгæр куы фæуромынц кæнæ, сæ цыд нæ фæсындæгдæр кæнгæйæ, иннæ фæндагмæ куы базилынц, æппæт уыдæттæ.

Инспектортæ сын ноджы иу хатт сæ зæрдыл æрлæууын кодтой, транспортон фæрæз скъæргæйæ, ноztджын уæвын цæмæ расайы, уый дæр.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
**Алагиры мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Проект

# Дианæйы стыр æнтыст

**Æппæтуæрæсеон форум «Машук»-æй сыхъуыст æхсызгон хабар – Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты студенткæ Хатъаты Дианæ ссис гранттæ райсыны фæдыл конкурсы уæлахиздзау. Йæ цымыдисаг проект æмæ хистæр кары сывæллætты Нарты кадджытимæ. Незамантæй нырмæ Ирыстоны цы таурæгътæ æмæ хабæрттæ зындгонд сты, уыдон рæзгæ фæлтæр бæстондæр базондзысты, хуыздæр сæм бахъардзæн аив æмæ тыхджын раздæр дæр куыста культурæйы рæзты проекттыл, уагъта комикстæ ирон æвзагыл, сæ сæйраг хъайтартæ уыдысты Нарты кадджыты персонажтæ.**

**Хорз, хъæугæ нысантæ йæ размæ чи 'рæвæры æмæ сæ царды**



**«Нартиадæ»-йы музей «Нæртон» саразынæн райста 900 мин сомы.**

**Йæ командæйы уæнгтимæ Дианæ хъуамæ байгом кæна интерактивон музей Дзæуджыхъæуы. Уым нырыккон технологитæ æмæ цымыдисаг экскурситы бындурыл зонгæ кæндзысты сабиты мадæлон æвзаджы ахадындзинад æмæ фарн.**

**Дианæ рагæй кæны уыцы арфæйаг куыст, йæхæдæг у Уæрæсейы студентты цæдисы разæнгардæй архайæг, нæ республикæйы фæсивæдон парламенты уæнг. Йе 'мбæлттимæ рауадзынил æппæт хъарутæй дæр чи фæархайы, уымæ – абон уа кæнæ райсом, æнтыст æрцæуы. Афтæ рауад ныр дæр Дианæйы хъуыддаг. Æмæ йын мах дæр уый тыххæй зæрдиаг арфæтæ кæнæм!**

*Ир-Информ*


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Рауагъдад «Ир»-ы коллектив хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны хиуæттæ æмæ хæстæджытæн, рауагъдады раздæры кусæг, фæллойы ветеран
ТÆБÆХСÆУТЫ-ЦЪÆХИЛТЫ
Муссæйы чызг Зарæ
кæй амард, уый фæдыл.



**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51, 25-92-72.**

**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот. Тел.: 8-928-928-88-24.**





Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;** 2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 3-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонил бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2702. Заказ № 911. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**